Bhaibheri re vana

Rikukupai

Murume anotumwa kubva kuna Mwari

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus Alastair Paterson

Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.,

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Rimwe zuva mukati metemberi yaMwari, mupirisita anonzi Zakaria akanga achipisa zvinonhuwira. Vanhu vakanga vari panze vakanamata. Zacharia akavhunduka.

Ngirozi yaMwari yakanga yauya. Yakati, "Usatya. Mwari anditume. Mukadzi wako achakuberekera mwanakomana.

Ugomutumidzira zita rinonzi Johane. Achazadzwa naMweya Mutsvene kubva paachazvarwa.
Achadzorera vanhu
vazhinji kuna Mwari."

Vanhu vakanga vari panze vakashamiswa vakati, “Taura nesu Zakaria.”

Havana kuziva kuti
mutumwa waMwari Gabrieri
akanga ataura kuti Zacharia
achatadza kutaura kusvika
mwana azvarwa nokuti akanga
asina kutenda shoko rakabva
kuna Mwari.

Achinge asvika kumba kwake, Zakaria akanyora zvose zvaakanga ataurirwa nemutumwa waMwari. Erisabete, mukadzi wake akashamiswa. Vakanga vanamata vachikumbira mwana. Zvakanga zvichaitika ikozvino here?

Mushure menguva,
Erisabete akaziva
kuti achava nemwana.
Akarumbidza Mwari.
Rimwe zuva, mukoma
waErisabete, Maria
akamushanyira.
Maria akanga aine
pamuviri zvakare.



Maria paakasvika, Erisabete akanzwa mwana akanga ari mudumbu rake achikwakuka. Erisabete akazadwa naMweya Mutsvene. Akaziva kuti mwana waMaria achava Ishe, Jesu Kristu. Vakadzi vaviri vakarumbidza Mwari nomufaro.



Mwana waErisabete akazvarwa sokutaura kwaMwari. Vamwe mapirisita vakati, “Mutumudzirei zita sera baba vake rokuti Zakaria.”



Zakaria akarangarira zvakanga zvataurwa naMwari. “Kwete! Mwana anonzi Johane.” Mushure mokunge Zakaria anyora mavara aya, inzwi rake rakadzoka, ndokubva arumbidza Mwari.

Johane akura, akanga akafanana naErija, murume mukuru waMwari. Johane akaudza vanhu kuti Mesiya achauya kuzovaropafadza.

Vatungamiri vemaJudha vakavenga Johane nokuti akati, “Tendeukai! Regai kutadza.” Vakanga vasingadi kunzwa kuti varegere zvivi zvavo.

Vamwe vakadana vachiti Johane
mubhabhatidzi nokuti ayibhabhatidza
nemvura, zvichiratidza kuti vanhu
vakanga vaine urombo
nokuda kwezvivi
zvavo.

Rimwe zuva Jesu akauya kuzobhabhatidwa naJohane akati, “Unofanira kundibhabhatidza.” Johane akaramba. Asi Jesu akati unofanira kundibhabhatidza. Johane akabva amubhabhatidza.

Jesu achinge abhabhatidzwa, Johane akaona Mweya Mutsvene waMwari uchiburuka pana Jesu senjiva. Ichi chakanga chiri chiratidzo chaMwari. Johane akaziva kuti Jesu akanga ari Mwanakomana waMwari. Johane akadana Jesu achiti Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika.

Johane akatendeutsa vanhu vazhinji. Asi Herodhe, mutungamiri akanga aine hutsinye akaisa Johane mujeri. Johane akati kuna Herodhe, "Uri kutadza kana ukatora mukadzi wemukoma wako kuti ave mukadzi wako zvakare."

Herodhe akaziva kuti ichi chakanga chiri chokwadi uye akaziva kuti Johane akanga ari mushandiri waMwari akanga akarurama. Asi Herodhe haana kuda kuregera zvivi zvake, uye Johane akanga asingadi kurega kuparidza nokuda kwechivi nyange zvaireva kupinzwa mujeri.

Pazuva rake rokuzvarwa, Herodhe vakafarirwa namabiko makuru. Mwanasikana waHerodhiasi akatamba zvakafadza Herodhe. Herodhe akati, "Kumbira kwandiri chaunoda ndikupe, kusvikira pahafu yohushe hwangu."

Musikana akati,
"Ndichakumbireiko?"



Mai vake Herodhiasi vakanga vaine utsinye uye vakanga vakavenga Johane. Vakumuudza chokukumbira! Chakanga chakaipa!

Musikana akati kuna Herodhe,
“Ndipei musoro waJohane
mubhabhatidzi pandiro.”
Herodhe akazvidya moyo
asi wakanga asingingadi
kumurambira nokuda
kwokupika kwake.
Herodhe akatuma
murwi akaraira kuti
awuye nomusoro
waJohane.

Shamwari dzaJohane dzakaviga mushandiri waMwari akanga akatendeka uye akaasingatyi. Basa raMwari raiitwa naJohane rakanga rapera. Zvichida, vakaziva kuti Jesu achavanyaradza mukechema kwavo.

Murume anotumwa kubva kuna Mwari

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mako 6, Ruka 1, 3

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16